



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-810

Sijè: ELIJIBLITE POU MANJE GRATIS AK MANJE POU PRI KI PI BA

Kategori: ELÈV

Pibliye: 29 juin 2009

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye CR A-810 ki gen dat 22 jiyè 2005.

Règleman an fikse egzijans legal ak regilasyon pou respekte lejislasyon a, règleman federal yo, ak regleman eta a pou elijiblite elèv pou manje gratis ak pri ki pi ba a.

Chanjman:

- Règleman an ajoute egzijans pou itilize aplikasyon pou fanmi oswa pou lakay ou pou tout timoun ki nan School Food Authority eksepte pou timoun ki nan fwaye dakèy (foster children). Li adrese tou Aplikasyon Manje Lekòl pou Manje Gratis ak Pri Ki pi Ba (SSchool Meals Application for Free and Reduced-Price Meals , SD 1041) ki mande pou fanmi yo ranpli sèlman yon fòm pou tout timoun ki nan menm lekòl la. Pou règleman sa a, yo pral refere fòm sa a kòm Aplikasyon pou Manje Lekòl la.
- Règleman an ajoute nouvo pwosedi pou timoun ki imigran, timoun ki sanzabri oswa ki sove kite kay yo ka otomatikman elijib pou manje gratis.
- Règleman an ajoute otomatikman elijiblite gratis pou timoun ki enskri nan Head Start epi k ap patisipe nan pwogram manje a.
- Règleman an gen ladan l yon mizajou nan pwosedi pou antre kòd manje a sou ATS ak NPSIS nan nivo lekòl la.
- Règleman an ajoute nouvo sistèm analiz ak pwosesis aplikasyon sou entènèt ki otomatize pwosesis detèminasyon elijiblite an.

REZIME

Chak Otorite Manje Lekòl k ap patisipe nan Pwogram Nasyonal Manje maten ak Manje midi Lekòl la dwe respekte lejislasyon an, règleman federal yo, ak regleman eta ki gouvène pwogram sa yo. Si w pa respekte egzijans legal ak regilasyon sa yo, sa a ka lakòz Depatman Edikasyon pèdi plizyè milyon dola nan pwogram manje lekòl yo ak nan lòt pwogram federal yo tou.

Yo detèmine timoun yo elijib pou manje gratis atravè pwogram sa yo nan (1) yon match konpitè ki gen dosye asistans leta/Food Stamp; oswa (2) revni kay paran oswa responsab nan [School Meals Application](#) (SD1041); oswa (3) nimewo ka asistans leta/Food Stamp ki valab paran oswa responsab bay sou [Aplikasyon pou manje lekòl \(School Meals Application\)](#); oswa (4) lèt sètifikasyon dirèk valab.

I. KONPITÈ KI GEN DOSYE ASISTANS LETA

- A. Chak ane, Depatman Edikasyon pral jwenn yon lis tout timoun ki nan kay k ap resevwa asistans leta (Asistans tanporè pou fanmi ki nan nesesite (Temporary Assistance to Needy Families, TANF) oswa Food Stamp), kote yo pral konpare yo avèk dosye elèv nan Automate the Schools ([ATS](#)) ak dosye elèv ki pa nan Sistèm Enfòmasyon sou lekòl leta yo (Non-Public School Information System ([NPSIS](#))). Yon konpitè pral kode otomatikman tout dosye elèv ki korespann avèk yon drapo ki endike elijiblite pou manje gratis. Yo pral ranpli domèn sa a otomatikman sou [ATS](#) ak [NPSIS](#).
- B. Lekòl la dwe avize tout kay yo sou estati ptit yo, konsa yo gen opòtinite pou refize avantaj la. Yo pa mande okenn koleksyon frè pou pran manje. Pa gen okenn nesesite pou jwenn yon aplikasyon oswa lèt sètifikasyon dirèk pou elèv sa yo oswa pou antre estati elijiblite yo nan [ATS](#) oswa [NPSIS](#).
- C. Yo ta dwe kenbe aplikasyon oswa lèt sètifikasyon dirèk ke yo voye bay elèv sa yo nan [dosye separéman men but](#) [yo pa dwe reentre](#) nan [ATS](#) oswa [NPSIS](#).

II. DISTRIBYON FÒM ELLIJIBILITE - APLIKASYON POU MANJE LEKÒL (SD1041)

- A. Chak ane, yo pral distribye [School Meals Application](#) la bay lekòl leta, charter, ak lekòl ki paiblik k ap patisipe nan Pwogram Manje nan lekòl anba patwonaj Depatman Edikasyon (DOE).
- B. Y ap distribye [School Meals Application](#) a bay chak elèv ki enskri nan premye jou lekòl la ouvè a an septanm.
- C. Yo mande chak fwaye pou ranpli ak voye ale sèlman [yon](#) fòm pou tout elèv ki anrejistre pou ale nan menm lekòl la.
- D. Dosye peryòd elijiblite pou ane avan an
 - 1. Ajans Edikasyon lokal (LEA) dwe rapòte estati elijiblite ane avan an pou: (1) timoun ki soti nan kay ki gen aplikasyon apwouye nan dosye nan ane avan an; (2) nouvo timoun nan yon LEA ki soti nan kay ki gen timoun ki te apwouye pou

avantaj ane avan an; epi (3) timoun ki te apwouve deja pou transfere soti nan yon lekòl pou ale nan yon lòt ki anba jiridiksyon menm LEA a. Peryòd elijiblite k ap kontinye a se pou jiska 30 jou fonksyònman nan ane lekòl la ki kòmanse nan premye jou ane lekòl aktyèl la. Yo pral piblye dat presi chak ane nan [Eligibility Guidelines Memorandum](#) nan Biwo Manje Lekòl bay lekòl yo. (Jou fonksyònman ane lekòl la vle di jou lekòl, pa jou kalandriye.) Sa a aplike pou sètifikasyon dirèk, detèminasyon elijiblite kategorik, ak aplikasyon pou revni. Sepandan, nouvo detèminasyon elijiblite an ranplase peryòd elijiblite k ap kontinye a.

2. Aplikasyon a oswa estati elijiblite ane avan yo pa valab ankò apre [30 premye jou fonksyònman an](#), oswa lè yo antame pwosesis nouvo [Aplikasyon School Meals](#) timoun lan oswa lèt sètifikasyon dirèk valab la, oswa si yo te jwenn elèv la elijib atravè match konpitè ki dekri nan Seksyon I, kèlkeswa sa ki vini anpremye a. Yo ankouraje lekòl yo ak santral la pou akselere detèminasyon elijiblite pou tout nouvo enskri yo. Anplis, LEA a dwe trete aplikasyon yo voye pou ane lekòl aktyèl la atan.
 3. Pou ka elijib pou manje gratis oswa a pri ki pi ba apre peryòd inisyal transfè a, timoun lan dwe sètifye dirèkteman oswa fanmi an dwe voye yon aplikasyon konplè epi yo dwe swa kategorikman elijib oswa elijib dapre revni. LEA a oswa lekòl la dwe genyen tou nan dosye poutout timoun yo sèvi yon repa gratis oswa a pri ki pi ba, swa yon aplikasyon ki apwouve oswa yon lis timoun ki sètifye dirèkteman. Sa nesesè pou satisfè kondisyon pwogram yo pou rambousman federal.
- E. Yo dwe gade aplikasyon yo atan. Yo dwe fè yon detèminasyon elijiblite ak enplemante I nan dis (10) jou travay apre yo fin resevwa aplikasyon an. Lè sa posib, yo ta dwe trete aplikasyon yo imedyatman, sitou pou timoun ki pa gen aplikasyon apwouve nan dosye ane avan an.

III. APLIKASYON ELEKTRONIK/APLIKASYON PAPYE ESKANE

- A. [School Meals Application](#) la disponib pou kay k ap ranpli nan fòm ki baze sou wèb la atravè [ACCESS NYC](#). Fanmi yo ka ale sou entènèt nan www.nyc.gov/accessnyc pou ranpli aplikasyon an. Yo pral trete [Aplikasyon pou manje lekòl sou entènèt \(Online School Meals Application\)](#) la elektwonikman nan itilize menm regleman pou trete aplikasyon papye a. Fanmi yo pral oblige swiv rekòmandasyon yo sou entènèt epi antre enfòmasyon yo, epi yo pral resevwa yon nimewo konfirmasyon kou yo voye aplikasyon an ale avèk siksè, ki pral sèvi kòm referans pou mande nan ki pwen pwosesis la oswa elijiblite a rive.
- B. Yo pral egzije kèk lekòl yo chwazi yo pou ranpli yon [School Meals Application](#) sou papye pou Office of SchoolFood, konsa yo ka eskane fòm lan epi yo ka trete enfòmasyon fanmi an rapòte yo elektwonikman. Yo pral avize lekòl yo chwazi yo avan kòmansman ane lekòl la epi yo pral ba yo eksplikasyon ak anvlòp ki deja gen adrès pou retounen yo.

C. Yo pral trete enfòmasyon moun ki nan kay yo te jwenn sou entènèt ak nan sistèm eskanè elektwonikman nan yon espas dis jou ouvrab apre yo fin resevwa yo, yo ap fè detèminasyon elijiblite, ak mete kòd manje yo nan [ATS](#) oswa nan [NPSIS](#). Yo pral kontakte fanmi oswa lekòl yo pou jwenn oswa pou verifye enfòmasyon ki nesesè pou ranpli pwosesis sètifikasyon an. Direktè yo ak administratè ISC yo ka jwenn rapò sou estati pwosesis ak elijiblite ki gen rapò avèk lekòl yo ak rejon yo lè yo kontakte Office of SchoolFood Compliance Office nan (718) 707-4471.

IV. SÈTIKASYON DIRÈK

- A. Sètifikasyon dirèk se pwosesis kote LEA sètifye timoun ki soti nan fanmi k ap resevwa food stamps oswa Temporary Assistance to Needy Families (TANF). Dapre enfòmasyon ajans leta ak lokal k ap fè pwogram sa yo bay, LEA a detèmine elèv sa yo elijib pou resevwa manje gratis nan lekòl k ap patisipe nan Pwogram Nitrisyon Timoun (Child Nutrition Programs) san fanmi yo pa oblige ranpli yon aplikasyon. Biwo Asistans Tanporè ak Andikap Eta Nouyòk (The New York State Office of Temporary and Disability Assistance) voye lèt bay tout fanmi ki gen timoun ki gen laj pou ale lekòl ki resevwa ood stamps oswa benefis TANF. Paran an oswa responsab ka voye lèt la nan lekòl timoun lan kòm sètifikasyon elijiblite pou manje gratis olye pou fanmi an ranpli yon School Meals Application.
- B. Si yo pa deja endike kòm elijib atravè asosyasyon nan konpitè ki dekri nan Seksyon I an, yo ta dwe kode elèv sa yo elijib kòm gratis nan [ATS](#) ak nan [NPSIS](#).
- C. Fanmi oswa kay ki gen lèt sètifikasyon dirèk dwe bay lèt kouvèti a ki gen non ak adrès fanmi an, ansanm ak deklarasyon sètifikasyon an pou verifye si dokiman an valid.
- D. School Food Authority dwe toujou bay fanmi ki gen timoun ki gen laj pou ale lekòl aplikasyon yo ak lèt paran yo.
- E. Kondisyon pou kenbe dosye ak fè rapò pou timoun ki jwenn elijiblite atravè sètifikasyon dirèk se menm ak fòm aplikasyon gratis ak pri ki pi ba a. Yo dwe:
 1. ka jwenn yo apati biling kote yo bay timoun lan manje a; epi
 2. Lekòl la dwe kenbe pou twa lòt ane anplis apre ane aktyèl la kèlkeswa prezans aktyèl timoun lan pandan peryòd sa a. Pou lekòl yo chwazi ki te ranpli aplikasyon papye pou manje lekòl Office of SchoolFood pral eskane, Office of SchoolFood ap kenbe dosye sa yo pou peryòd tan ki obligatwa a.
- F. Paran oswa responsab yo gen dwa refize avantaj manje yo epi yo dwe enfòme yo sou dwa sa a ak pwosesis pou fè sa.

V. KONFIDANSYALITE

Depatman Agrikilti Etazini (United States Department of Agriculture, USDA) apwouve piblikasyon non elèv yo, adrès, ak estati elijiblite bay ofisyèl lekòl yo nan kolekte done pou yo itilize pou pwogram Tit I ak pwogram Evalyasyon Nasional Pwogrè Edikasyon (National

Assessment of Educational Progress, NAEP). Lekòl yo pa ka divilge non ak estati elijiblite elèv yo pou okenn lòt rezon eksepte jan Règleman Chanselye A-820 pèmèt sa a.

VI. SÈVIS MANJE POU TIMOUN KI GEN ANDIKAP:

Règleman federal egzije lekòl pou sèvi timoun ki gen andikap ki egzije yon rejim manje espesyal san yo pa peye anplis yon jan pou yo ka patisipe konplèteman nan pwogram sèvis manje a san okenn chanjman nan manje yo ofri a ni nan meni yo genyen an. Paran/responsab lan ka mande manje espesyal nan lekòl la avèk bezwen pou yon yon doktè dokimante manje sa yo sou yon fòm sètifikasyon medikal.

VII. ELIJIBILITE POU MANJE GRATIS POU TIMOUN SANZABRI, MIGRAN AK TIMOUN KI SOVE KITE KAY YO

USDA rekonèt ke kantite timoun ki sanzabri, migran, ak moun ki sove kite kay yo te ogmante anpil nan kèk ane ki sot pase yo epi paran/responsab ki sanzabri yo souvan pa retounen yon aplikasyon pou manje gratis, epi yo pa mete timoun sa yo souvan nan pwosesis sètifikasyon dirèk.

- A. Yo konsidere yon timoun sanzabri si lyezon ajans edikasyon lokal la oswa direktè yon shelter pou sanzabri idantifye I kòm yon moun ki pa gen yon rezidans fiks, regilye ak adekwa dapre Lwa McKinney-Vento pou ede moun sanzabri
- B. Yon timoun ki sove se youn ke lyezon edikasyon lokal la idantifye kòm yon moun ki sove epi k ap resevwa asistans atravè yon pwogram anba (Lwa pou Jèn ki Sove ak Sanzabri, Runaway and Homeless Youth Act, RYHA).
- C. Yon timoun migran se yon timoun kowòdonatè Pwogram Edikasyon Migran an nan eta a oswa lyezon lokal edikasyon an idantifye kòm timoun travèse liy distri lekòl la nan twa dènye ane yo pou akonpaye yon paran oswa responsab ki te deplase pou chèche oswa jwenn yon travay tanporè oswa sezonye nan agrikilti oswa lapèch.

USDA etabli pwosedi sa yo pou tout Pwogram Nitrisyon Timoun (CNP) lè moun nan kay la pa voye yon aplikasyon oswa lè ta sanble yo p at voye yon aplikasyon:

- A. Kowòdonatè migran an, lyezon pou sanzabri a, oswa founisè ki ede pou timoun ki sove yo ka bay lekòl la yon lis timoun ki elijib yo ak dat efektif yo. kowòdonatè a, lyezon an, oswa founisè a dwe date ak siyen lis la. Apre sa a, timoun sa yo sètifye dirèkteman pou manje gratis pou ane lekòl la. Ou pa bezwen pote okenn lòt dokiman. Se opsyon prefere a.
- B. Direktè abri pwovizwa (shelter) pou sanzabri a kote timoun lan abite a ka ranpli ak voye yon aplikasyon pou timoun lan.
- C. Ofisyèl lokal yo ka ranpli yon aplikasyon pou yon timoun epi apwouwe timoun lan pou manje gratis si sèlman yo konnen adrès timoun lan se yon shelter pou sanzabri oswa ke timoun nan pa gen okenn adrès epi li se anreyalite yon timoun sanzabri.
- D. Si yon gwo kantite timoun ki sanzabri fè li enposib pou yon shelter pou sanzabri oswa ofisyèl lekòl yo ranpli aplikasyon endividyle, direksyon lekòl la ka etabli yon lis elèv ki elijib dapre konesans yo sou kote fanmi yo abite'. Dokiman ki nesesè pou

pwouve elijiblite pou manje gratis pou yon lis timoun yo dwe genyen omwen:

1. non timoun lan;
 2. dat efektif detèminasyon elijiblite a;
 3. non ak adrès shelter kote timoun lan abite a;
 4. siyati ofisyèl k ap detèmine sa; epi
 5. dat yo te retire I nan shelter a, lekòl la, oswa pwogram lan.
- E. Yo dwe kenbe lis sa yo aktyalize lè yo ajoute nouvo non epi retire non timoun ki ka kite lekòl la oswa lè sikontans yo chanje.
- F. Kowòdonatè migran an ta dwe kenbe dokimantasyon timoun ki gen estati migran kòm dokimantasyon pou pwouve elijiblite pou manje gratis. Sa a ta dwe gen ladan dat, non timoun lan, ak siyati kowòdonatè migran an.
- G. Yon timoun oswa yon fanmi ka rete tanporèman avèk yon lòt kay epi yo ka toujou konsidere I kòm sanzabri dapre definisyon sanzabri nan Lwa McKinney-Vento. Nan ka sa yo, lyezon edikasyon lokal la pa pran an konsiderasyon kantite moun ki nan kay la ak revni fanmi akèy la nan detèmine elijiblite pou manje gratis pou timoun ki deziyen kòm sanzabri
- H. Lè yon fanmi akèy aplike pou manje gratis ak a pri ki pi ba pou pwòp pitit yo, fanmi akèy la ka gen ladan fanmi ki san kay la kòm manm nan kay la si fanmi akèy la bay fanmi ki san kay la sipò finansye, tankou shelter, bòdwo, rad oswa manje. Nan ka sa yo, fanmi akèy la dwe genyen tou nenpòt revni fanmi ki san kay la resevwa. Ofisyèl lekòl yo dwe detèmine elijiblite pou fanmi akèy la nan fason tradisyonèl la. Sepandan, elijiblite pou manje gratis pou timoun ki sanzabri baze sou dokiman lyezon edikasyon lokal la bay, menm lè timoun lan nan aplikasyon gratis ak pri redui fanmi akèy la.

VIII. ELIJIBLITE POU MANJE GRATIS POU TIMOUN KI NAN PWOGRAM HEADSTART/MENM NAN PWOGRAM START

- A. Yo konsidere timoun ki enskri nan sant Head Start ki satisfè kritè pou revni ba ak finansman federal ki satisfè kritè pwogram Head Start pou revni ki ba yo kategorikman elijib pou manje gratis nan Pwogram Nasional Manje Lekòl (NSLP) san lòt aplikasyon oswa detèminasyon elijiblite. Yo konsidere tou kòm pratikman elijib timoun ki enskri nan pwogram pou debitnan Head Start ki finanse Leta ak ki gen kondisyon elijiblite ki idantik ak sa yo itilize nan sant Head Start ki finanse ak finansman federal yo.
- B. Pou yon timoun ka kategorikman elijib pou manje gratis dapre patisipasyon li nan Even Start, timoun lan dwe enskri kòm yon patisipan nan yon Pwogram literacy Fanmi Even Start ki finanse ak finansman federal epi li dwe nan nivo pre-kindergarten.
- C. Dokimantasyon sou patisipasyon yon timoun nan yon Head Start oswa Even Start ki finanse ak finansman federal pou etabli elijiblite kategorik pou manje gratis nan

Pwogram Manje Lekòl yo. Yo dwe mete konfirmasyon timoun lan poko antre nan klas kindergarten nan dokiman ofisyèl Even Start la.

IX. DEFINISYON TÈM NAN APLIKASYON MANJE LEKÒL LA

- A. "**Revni aktyèl**" se tout lajan yo resevwa kounye a **avan taks oswa avan nenpòt lòt dediksyon**. Kiltivatè yo, travayè endependan yo, travayè migran yo, ak lòt anplwaye sezonye yo ka itilize revni yo pou 12 mwa ki sot pase yo.
- B. "**Moun ki nan kay**" vle di yon gwoup moun ki gen rapò oswa ki pa gen rapò k ap viv nan yon sèl kay oswa yon kay epi ki pataje revni ak depans. Sa a gen ladan mari oswa madanm, pitit gason, pitit fi, granparan, etc.
- C. "**Manm adilt nan Kay**" vle di tout moun ki gen rapò ak moun ki pa gen rapò ki gen 21 an oswa plis ki abite nan kay la.

X. REGLEMAN APLIKASYON MANJE LEKÒL POU MANJE GRATIS OSWA AK PRI KI PI BA

- A. Yo ka detèmine elijiblite dapre pwosesis korespondans konpitè **oswa** revni kay la jan paran/responsab lan bay **oswa** dapre yon kounpon manje oswa nimewo ka TANF ki valab jan paran/responsab lan bay **oswa** lèt sètifikasyon dirèk ki valab.
- B. Lè yon paran/responsab bay enfòmasyon sou revni
 1. Tout moun, ki gen rapò oswa ki pa gen rapò, ki abite nan yon kay epi ki pataje depans pou viv, yo dwe mete yo sou lis nan [School Meals Application](#) a nan 4yèm pati a. Yo dwe rapòtè sèlman nimewo Sekirite Sosyal adilt manm nan kay la ki siyen aplikasyon an. Si moun ki adilt nan kay la ki siyen aplikasyon an pa gen yon nimewo Sekirite Sosyal, li dwe ekri mo "okenn". Si w pa bay yon nimewo Sekirite Sosyal oswa si w pa ekri mo "okenn", se yon rezon pou yo pa apwouve aplikasyon an. Yo ka itilize nimewo Sekirite Sosyal la pou verifye enfòmasyon ki endike sou aplikasyon an.
 2. Moun ki nan kay yo pa oblige kalkile revni total kay la nan [School Meals Application](#). Direktè a oswa reprezantan I dwe kalkile total la, eksepte nan ka aplikasyon sou entènèt oswa eskanè, lè lojisyl elijiblite a ap kalkile total la. Paran/responsab la dwe siyen ak date seksyon 5 sètifikasyon an.
 3. Yo pral bay manje gratis oswa ak pri ki pi ba si revni total moun ki nan kay la chak mwa tonbe nan limit revni yo piblye pou ane sa a.
- C. Lè yon Paran/Responsab Bay yon Food Stamp oswa Nimewo Ka TANF nan 3yèm pati a - yon timoun elijib otomatikman pou manje gratis; kidonk, yo pa bezwen ranpli Pati 4 la. Anplis, yo pa bezwen nimewo Sekirite Sosyal. Si paran/responsab lan ta dwe anrejistre yon revni tou nan Pati 4 la, pa okipe revni an. Sepandan, paran/responsab la dwe siyen ak date seksyon 5 sètifikasyon an. Enfòmasyon konsènan Food Stamp oswa nimewo ka TANF oswa sètifikasyon dirèk opsyonèl ak volontè.
- D. Timoun nan foster care - Yon timoun ki nan foster care se yon timoun k ap viv ak yon fanmi men ki anba swen legal ajans byennèt oswa tribunal. Yo konsidere chak

timoun ki nan fwaye akèy kòm yon kay.

1. Yo dwe ranpli yon aplikasyon pou chak timoun ki nan fwaye akèy nan kay la.
Pou detèmine elijiblite, yo itilize sèlman "revni itilizasyon pèsonèl" timoun lan. Paran/responsab lan dwe ekri zewo ("0") si timoun nan pa gen revni pèsonèl. Paran/responsab an pa ta dwe site okenn lòt timoun, manm nan kay la, revni, oswa yon nimewo Sekirite Sosyal. Yon manm adilt nan kay la dwe siyen aplikasyon an.
 2. Olye aplikasyon endividylèl, School Food Authority ka aksepte yon lis ki soti nan tribinal la oswa ajans ki responsab pou plasman timoun foster yo. Lis la dwe bay enfòmasyon k endike non timoun nan, nenpòt revni pèsonèl timoun nan resevwa, adrès aktyèl timoun nan, epi, si li konnen, lekòl timoun sa a ap ale kounye a. Lis la dwe siyen pa yon ofisyèl apwopriye epi li bay tit ofisyèl la ak enfòmasyon kontak.
- E. Timoun ki nan enstitisyon rezidansyèl yo - Yo konsidere chak timoun ki nan yon enstitisyon pou gadri pou timoun rezidansyèl yo (RCCI) kòm yon fwaye. Yo dwe ranpli yon aplikasyon pou chak timoun oswa RCCI a ka itilize yon fèy dokiman elijiblite pou tout timoun ki abite nan RCCI a. Fèy dokimantasyon an dwe bay enfòmasyon ki endike non timoun nan ak revni pèsonèl timoun nan te resevwa. Yon ofisyèl apwopriye dwe siyen fèy dokimantasyon an epi bay tit ofisyèl la ak enfòmasyon kontak. Yo konsidere chak timoun ki patisipe nan yon RCCI men ki pa abite nan kay yo epi yo detèmine elijiblite yo dapre yon aplikasyon nan kay la oswa atravè sètifikasyon dirèk.

XI. REVIZE APLIKASYON YO VOYE POU VERIFYE SI YO KONPLÈ

- A. Direktè a oswa reprezantan I dwe gade chak aplikasyon k ap vini pou [School Meals Application](#) pou asire kay la voye yon aplikasyon konplè. Si aplikasyon an ranpli, ofisyèl la dwe detèmine si kay la elijib pou benefis kategorikman oswa sou revni dapre enfòmasyon yo bay sou aplikasyon an. Yo pa dwe penalize elèv yo si yo pa retounen yon Aplikasyon pou Manje Lekòl yo ranpli.
- B. Yo pral itilize [School Meals Application](#) pou detèmine elijiblite paran/responsab sèlman dapre enfòmasyon yo bay. Ofisyèl k ap revize a, direktè oswa reprezantan li ka verifye sous ak kantite revni ansanm avèk kantite moun ki nan kay la sèlman apre yo fin detèmine estati elijiblite ak pwosesis aplikasyon an.
- C. Si moun nan kay la tcheke bwat ki akote deklarasyon an "Mwen pa kalifye pou manje gratis oswa manje pri pi ba", direktè a oswa reprezantan lekòl la ap regade aplikasyon an jan yo refize epi yo pa bezwen plis kontak ak moun nan kay la menmsi pa genyen siyati prezan. Y ap chaje moun nan kay la fakti a nan pri total aktyèl la pou chak manje timoun nan pran. Yo pa mande yon kay pou bay yon nimewo Sekirite Sosyal lè yo endike yo pa kalifye pou manje gratis oswa pou pri ki pi ba.
- D. Si yon kay rapòte plizyè sous revni nan diferan moman tankou chak semèn, chak de semèn ak chak mwa, metòd prefere a se konvèti tout revni yo an revni anyèl. Si

yon kay gen yon sèl sous revni oswa si yo resevwa tout sous yo nan menm moman an, okenn konvèsyon pa obligatwa. Ajoute epi konpare total ki pa awondi a ak Regleman pou Elijiblite Revni (IEG) ki te pibliye pou revni anyèl pou gwo sè fanmi ki apwopriye a.

1. Pou konvèti revni an yon kantite lajan anyèl, si sa nesesè, miltipliye revni chak semèn nan pa 52; revni ou resevwa chak de semèn pa 26; revni ou resevwa de fwa pa mwa pa 24; ak revni ou resevwa chak mwa pa 12. Pa awondi valè ki soti nan chak konvèsyon Ajoute tout valè konvèti ki pa awondi yo epi konpare total ki pa awondi a ak IEG ki apwopriye pou revni anyèl pou kantite moun ki nan kay la. Lojisyèl yo itilize pou detèmine elijiblite pou pwoesisis sou entènèt ak eskanè yo dwe reflete menm regleman konvèsyon an.
 2. Si yon aplikasyon pa endike konbyen fwa yo resevwa revni, tankou, chak semèn, chak mwa, etc., ofisyèl k ap fè revizyon ap trete tankou chak semèn, oswa fè yon apèlpou fanmi a avan w apwouve depi enfòmasyon an pa konplè.
- E. Dapre lwa federal, yo pral bay paran oswa responsab yo sèlman Regleman pou Elijiblite Revni pou Manje pou Pri ki pi ba. Sèlman direktè a oswa reprezantan li pral gen yon kopi pral gen yon kopi Regleman pou Elijiblite Revni pou Manje pou Pri ki pi ba. Yo ka mete disponib pou enspekson Regleman pou Elijibilite Revni pou Manje Gratis nan lokal lekòl la sou demand paran an sèlman apre yo fin detèmine yon elijiblite epi yo voye notifikasyon bay fanmi an (moun ki nan kay yo). Otorite lekòl la pa gen ka distribye regleman elijiblite pou manje gratis bay elèv oswa paran/responsab yo.
- F. Si paran/responsab la bay enfòmasyon sou revni, ofisyèl k ap fè revizyon a dwe itilize Regleman pou Elijiblite pou Revni Gratis ak Pri ki pi ba epi endike nan seksyon "Pou Itilizasyon Lekòl Selman" ki sou do School Meals Application: (1) total revni aktyèl kay la ak frekans; (2) kantite moun ki nan kay la; (3) estati elijiblite timoun lan (gratis, pri redui oswa refize); epi (4) rezon pou refi a, si sa apwopriye. Ofisyèl k ap revize a dwe siyen ak dat aplikasyon an. Yo ka itilize so siyati yon direktè a ansanm avèk inisyal manm estaf lekòl la.
- G. Direktè a oswa reprezantan l ta dwe evite tout antre oswa chanjman nan enfòmasyon nan School Meals Application sofsi li enposib oswa pa pratik pou yon paran, responsab oswa lòt manm nan kay la (paegzanp, poutèt yo analfabèt) antre oswa chanje enfòmasyon an pèsònèlman.
- H. Tout enfòmasyon direktè a oswa reprezantan an antre oswa chanje dwe reflete tout enfòmasyon yo resevwa avèk presizyon nan men yon paran, responsab, oswa yon lòt adilt ki otorize nan kay la.
- I. Direktè a oswa reprezantan l dwe mete inisyal chak kote li te antre oswa chanje enfòmasyon a epi mete yon eksplikasyon alekri (nan School Meals Application la oswa nan memorandòm ki vini avèk li a) ki eksplike, rezon, baz ak sous direktè a

oswa antre oswa chanjman enfòmasyon reprezantan li. Direktè a oswa reprezantan li dwe siyen epi enprime apre eksplikasyon sa a. Siyati direktè a oswa reprezantan li se yon sètifikasyon egzat esplikasyon an ak lòt reprezantasyon konsènan enfòmasyon ki antre oswa chanje nan [School Meals Application](#).

- J. Lè paran oswa responsab la pa te bay enfòmasyon sou revni oswa kantite moun ki nan fanmi an premye fwa epi direktè a oswa reprezantan li a te antre (okontré ak chanje), direktè a oswa reprezantan li dwe (anplis egzijans seksyon sa a) respekte egzijans Seksyon XIII konsènan privilèj administratif lan.
- K. Direktè a oswa reprezantan li ka apwouve kantite moun ki nan kay la sou yon baz tanporè lè kay la rapòte zewo (0) revni oswa yon diminisyon tanporè nan revni a. Yo dwe revize aplikasyon sa yo chak 45 jou nan kalandriye a.
 - 1. Direktè yo oswa reprezantan li yo dwe dokimante dat ak rezulta kontak avèk chak fanmi pou evalye revni aktyèl kay yo chak fwa 45 jou yo ekspire pou asire aplikasyon an toujou valid.
 - 2. Yo ka apwouve tanporèman sèlman aplikasyon konplè ki gen zewo (0) revni. Aplikasyon ki manke enfòmasyon obligatwa yo, tankou revni, yo dwe refize yo si yo pa ka jwenn enfòmasyon ki manke yo.
- L. Kote yo fè chanjman, enfòmasyon orijinal paran, responsab oswa lòt moun ki otorize nan kay la bay (ansanm avèk enfòmasyon direktè a oswa reprezantan li te antre oswa chanje) dwe vizib klèman epi yo ka idantifye separeman.
- M. Si lekòl la te resevwa [School Meals Application](#) ki gen bife, efase oswa lòt prèv chanjman paran, responsab, oswa lòt manm otorize nan kay la fè, direktè a oswa reprezantan li ta dwe souliye klèman chanjman sa yo sou [School Meals Application](#) jan li te resewa.

XII. DOKIMANTASYON ELLIJIBLITE NAN ATS OSWA NAN NPSIS

- A. Tout elèv yo dwe gen estati elijiblite yo dokimante nan [ATS](#), [NPSIS](#), oswa nan yon lis mèt manyèl dapre yon match konpitè, yon [School Meals Application](#) ki sètifye kòrèkteman oswa lèt sètifikasyon dirèk nan dosye. Yo pral antre deziyasyon kòd manje sa yo nan nivo lekòl la oswa elektwonikman peple nan pwosesis yo sou entènèt ak eskanè nan [ATS](#) oswa [NPSIS](#) pou reprezante estati elijiblite pou chak timoun.
 - 1. Kòd Manje A – Estati gratis nan fason matche ak konpitè otomatik pou fanmi k ap resevwa asistans leta a oswa Food Stamp– pa gen okenn aplikasyon obligatwa.
 - 2. Kòd Manje 1 – Yon lèt sètifikasyon dirèk oswa yon aplikasyon ranpli detèmine estati gratis kote enfòmasyon valab sou timoun nan fwaye akèy, Food Stamp oswa enfòmasyon TANF, oswa revni kay la rapòte nan echèl revni ki te pibliye pou manje gratis.
 - 3. Kòd Manje 2 – Yon aplikasyon ranpli nan dosye te detèmine estati pri redui a

Iè revni kay la rapòte depase echèl revni pibliye pou manje gratis.

4. Kòd Manje 3 – Estati peye (refize) yon aplikasyon ranpli te detèmine kote: (a) kay la endike yo pa vle aplike pou manje gratis ak ak pri redui; oswa (b) revni kay la rapòte depase echèl revni pibliye pou manje gratis oswa ak pri redui.
5. Kòd Manje 4 – Estati peye (refize) yon aplikasyon enkonplè nan dosye te detèmine. Yo dwe jwenn enfòmasyon ki manke yo pou trete aplikasyon an.
6. Kòd Manje 5 – Estati peye (refize) manke detèmine lè pa gen okenn aplikasyon nan dosye.

XIII. PRIVILÈJ ADMINISTRATIF POU MOUN NAN KAY KI PA APLIKE POU MANJE GRATIS OSWA A PRI REDUI

- A. Lè kantite moun ki nan kay la pa aplike pou manje gratis oswa a pri redui, règleman USDA yo pèmèt ofisyèl lekòl yo itilize privilèj administratif epi ranpli yon aplikasyon pou yon elèv yo konnen ki elijib si kay la te aplike.
- B. Pou egzèse opsyon sa a, yo dwe ranpli yon aplikasyon sou non elèv la ki baze sou pi bon kantite moun ki nan fanmi an ak enfòmasyon sou revni ki disponib. Yo dwe note sous enfòmasyon an nan aplikasyon an. Yo dwe itilize privilèj administratif yo avèk jistics epi sèlman apre efò repete pou jwenn aplikasyon nan men fanmi ki pa reyisi yo. Yo dwe dokimante efò avan pou jwenn yon aplikasyon, vini ak li epi kenbe toulede pandan twazan plis ane sa a. Se sèlman non elèv la, kantite moun ki nan kay la, estimasyon revni fanmi, ak siyati administratè a yo bezwen. Non manm fanmi nan kay la, nimewo Sekirite Sosyal, ak siyati yon manm adilt manm fanmi an nan kay la yo pa bezwen sovgade. Yo dwe avize moun ki nan kay la estati apwobasyon elèv la. Yo ta dwe ekskli aplikasyon sa yo nan pwosesis verifikasyon an. Opsyon sa a fèt pou itilizasyon limite nan sitiyasyon endividylè epi yo pa dwe itilize yo pou fè detèminasyon elijiblite pou kategori oswa gwoup timoun.
- C. Yo dwe anrejistre nenpòt egzèsis privilèj administratif sou aplikasyon an oswa nan yon memorandòm ki vini avèk aplikasyon an ki gen ase detay klè pou eksplike baz ak rezon pou apwobasyon an ak sous enfòmasyon konsènan revni ak kantite moun ki nan fanmi an. Itilizasyon School Meals Application pou ane avan an san plis enfòmasyon serye ki montre kantite moun ki nan fanmi an oswa revni, jan ka a, pa chanje, pa sifi pou jistifye itilizasyon privilèj administratif. Yo dwe siyen non direktè lekòl la oswa reprezantan ki te pran detèminasyon pou egzèse privilèj administratif la sou memorandòm oswa aplikasyon an. Siyati direktè a oswa reprezantan li se yon sètifikasyon presizyon baz ak rezon pou apwobasyon an, sous enfòmasyon an konsènan kantite moun ki nan fanmi an ak revni ki tabli nan aplikasyon an oswa nan dokiman ki vini avèk li, ak lè lekòl la fè efò pou dokimante efò lekòl la avan san siksè pou jwenn yon aplikasyon ranpli (oswa enfòmasyon ki nesesè pou pran yon detèminasyon sou yon aplikasyon).

XIV. DWA POU ALE AN APÈL

Notifikasyon pou Manje ki pa jwenn Apwobasyon pou Manje Gratis oswa Pri Ki Pi Ba sijere

yon demand pou yon konferans avèk direktè lekòl la pou rekonsidere detèminasyon an. Demand sa a pa dwe deranje dwa pou yon jijman. Yo dwe bay timoun nan manje dapre estati elijiblite li te gen avan an jiskaske yo pran yon desizyon final.

XV. PWOSEDI APÈL POU ELIGIBLITE KI PA GEN APWOBASYON

- A. Si reyinyon ak direktè lekòl la pa rezoud pwoblèm lan, Pwosedi Apèl ki pa jwenn Apwobasyon Elijiblite yo ap kòmanse. Yo kòmanse yon apèl nan telefòn oswa alekri: Department of Education of the City of New York, Office of SchoolFood, 44-36 Vernon Boulevard, Room 403, Long Island City, NY 11101; telephone (718) 707-4300.
- B. Yon avoka oswa lòt moun li chwazi ka reprezante paran/responsab yo. Yon paran/responsab dwe gen yon opòtinite pou egzamine, avan ak pandan jijman an, dokiman ak dosye yo prezante pou sipòte desizyon yo fè apèl la. Yo dwe fè jijman an nan tan rezonab ki konvnab pou paran/responsab epi yo dwe bay bon jan avi sou lè ak kote jijman an ap fèt. Paran/responsab lan pral gen yon opòtinite pou prezante prèv vèbal oswa dokimantè ak agiman ki sipòte pozisyon li ak yon opòtinite pou kesyone oswa demanti nenpòt temwayaj oswa lòt prèv ak konfwonte ak entèwoje nenpòt temwen achaj.
- C. Yon ofisyè jijman dwe fè jijman an epi se yon lòt ofisyè ki dwe pran yon desizyon men ki pa te patisipe nan pran desizyon orijinal la oswa nan nenpòt lòt konferans avan an. Desizyon ofisyèl k ap fè jijman an dwe baze sou prèv vèbal ak dokiman ki prezante nan jijman an. Paran/responsab lan ak reprezantan li, si genyen, yo dwe notifye yo alekri sou desizyon an.
- D. Yo dwe prepare yon dosye alekri konsènan chak jijman an, ki dwe gen ladan: desizyon dapre apèl la; tout prèv dokimantè ak yon rezime tout temwayaj oral prezante nan jijman an; desizyon ofisyè jijman an, tankou rezon ki fè yo; epi yon kopi notifikasyon bay pati konsène yo konsènan desizyon ofisyèl jijman an. Yo dwe konsève pou yon peryòd twazan apre ane aktyèl la dosye alekri a chak jijman an epi li dwe disponib pou paran/responsab lan oswa yon reprezantan pou l egzamine a nenpòt ki lè ak kote rezonab pandan peryòd sa a.

XVI. CHANJMAN KI AFEKTE ESTATI ELLIJIBILITE YON ELÈV PANDAN ANE LEKÒL LA

- A. Ofisyèl k ap revize a pral detèmine si moun nan kay la elijib pou manje gratis ak pri redui nan fason tradisyonèl la nan oswa nan kòmansman ane lekòl la. Kou yo apwouve l pou benefis gratis oswa pri redui, moun nan kay la ap rete elijib pou benefis sa yo pou yon maksimòm 30 jou apre premye jou fonksyònman nan ane lekòl ki vin apre a oswa lè yo fè yon nouvo detèminasyon elijiblite nan nouvo ane lekòl la, kèlkeswa sa ki rive avan.
- B. Dispozisyon pou elijiblite pou ane lekòl la pa aplike lè premye detèminasyon elijiblite a pa te kòrèk oswa lè verifikasiyon elijiblite moun nan kay la pa sipòte nivo benefis yo pou sa a yo te apwouve kay la.
- C. Yo pa egzije moun ki nan kay la pou rapòte chanjman nan sikontans yo ankò,

tankou yon ogmantasyon nan revni, yon diminisyon nan kantite moun ki nan kay la, oswa lè kay la pa sètifye elijib ankò pou Food Stamp oswa Asistans Tanporè pou fanmi ki nan bezwen (TANF).

XVII. **TRANSFÈ ELIJIBLITE**

Si yon elèv transfere nan yon lekòl k ap patisipe nan pwogram manje maten ak manje midi DOE patwone a nan yon lòt nan yon ane lekòl, lekòl k ap resevwa a dwe respekte elijiblite pou yon manje maten oswa manje midi gratis oswa manje maten oswa manje midi ak pri redui. Yon kopi [School Meals Application](#) la oswa lèt sètifikasyon dirèk [dwe akonpaye](#) tout transfè yo. Elèv ki pase oswa transfere soti nan yon nivo lekòl pou yon lòt nan mitan ane lekòl la dwe gen estati elijiblite yo onore. Yon kopi [School Meals Application](#) oswa lèt sètifikasyon dirèk yo dwe akonpaye tout pwomosyon oswa transfè sa yo.

XVIII. **KONSEVASYON DOSYE**

- A. Direktè a dwe kenbe tout [School Meals Application](#) ak lèt sètifikasyon dirèk yo epi yo dwe disponib pou enspeksyon pandan kat ane apre yo fin voye reklamasyon final la pou ranbousman pou ane fiskal yo aplike a. Pou menm peryòd la, direktè a dwe kenbe tou nan dosye tout papye yo, tankou dosye apèl ak relve jijman yo, ansanm avèk done ki sipòte fòm reklamasyon chak mwa pou ranbousman. Yo dwe kenbe pou plis tan dokimantasyon yo si yo mande yon odit pou tout tan sa nesesè pou rezoud pwoblèm odit la soulve, epi, pou lekòl k ap patisipe nan Pwogram Manje Lekòl Invèsel (Universal School Meals, USM) ki apwouve pou yon sik pwolonje.
- B. Yo ka kenbe dokimantasyon an swa nan lekòl la oswa nan yon lokal santral ki gen yon lis timoun ki elijib pou kenbe nan lekòl la. Si LEA a kenbe dokimantasyon nan yon lokal santral, lekòl la dwe mete disponib fasilman estati elijiblite kategori timoun yo, epi LEA a dwe asire tout chanjman ak transfè antre/soti nan lekòl la yo reflete avèk presizyon ak san pèdi tan nan lis chak lekòl yo. Pwosesis sa a pral aplike nan tout dosye ki trete atravè sistèm sou entènèt oswa sistèm eskanè.

XIX. **ASIRANS SAN DISKRIMINASYON**

- A. Yo pa dwe fè diskriminasyon kont [OENN](#) timoun poutèt ras, koulè, reliyon, kwayans, etnisite, orijin nasyonal, imigrasyon, sitiyasyon sitwayènte/imigrasyon li, sèks, idantite sèks, ekspresyon sèks, oryantasyon seksyèl, oswa andikap nan operasyon Pwogram Manje Lekòl DOE. Pa gen okenn segregasyon fizik oswa nenpòt lòt diskriminasyon kont nenpòt timoun akòz enkapasite li pou peye tout pri manje a. [Yo pa dwe egzije](#) elèv yo pou travay pou manje yo.
- B. Yo pa dwe bibliye, afiche oswa anonse nan okenn fasonn non elèv ki elijib pou manje gratis oswa ki gen pri redui yo. Pa pral gen idantifikasiyon klè sou tout elèv ki nan kategori sa yo nan itilizasyon koupon oswa biyè espesyal oswa nenpòt lòt mwayen, tankou: salamanje separe; liy pòsyon separe; antre separe; diferan lè pou manje; oswa manje midi ak/oswa manje maten ki diferan avèk manje yo oswa lèt yo te achte pou tout pri a.
- C. Nan fè koleksyon nan men elèv ki peye tout pri a ak nan men elèv sa yo ki peye pri redui, lekòl yo dwe itilize pwosedi koleksyon ki asire yo p ap fè okenn lòt elèv nan

lekòl konnen idantite elèv k ap resevwa manje maten/manje midi oswa idantite elèv yo ki peye pri redui oswa pri konplè pou manje yo.

XX. PWOGRAM ALTÈNATIF AK ESPESYAL NAN LEKÒL

Pou pwogram ak aktivite altènatif oswa espesyal, kèk lekòl resevwa elèv ki nan lòt lekòl. Pandan elèv yo prezan nan lokal lekòl envite sa yo, li obligatwa pou yo ba yo manje dapre estati elijiblite dokimante yo. Yo mande pou lekòl k ap resevwa a detèmine elijiblite elèv la pou asire respè pwosedi sa a nan refere bay [ATS](#) ak [NPSIS](#) oswa nan mande lekòl prensipal la yon lis non elèv ki gen estati elijiblite elèv.

XXI. REFIZE MANJE

Dapre lalwa ak règleman yo, yo pa ka refize okenn timoun yon pla manje pou rezon disiplinè.

XXII. RESPÈ RÈGLEMAN: RANBOUSMAN POU MANJE YO TE SÈVI AK REKLAME

- A. Yo dwe respekte règleman sa yo pou asire bon ranbousman nan sistèm lekòl la pou manje gratis ak pri redui yo sèvi pou timoun yo.
- B. Nenpòt refi ranbousman akòz sèvi manje gratis ak/oswa pri redui ki depase kantite match konpitè, Aplikasyon pou Manje Lekòl ki elijib yo, ak lèt sètifikasyon dirèk ki nan dosye yo pral adrese bay Direktè Egzekitif Sant Sèvis Entegre yo (Integrated Service Centers, ISC).
- C. Direktè yo dwe pran yon wòl aktif pou asire yo ranpli Aplikasyon pou Manje Lekòl yo, ak revize lèt sètifikasyon dirèk yo epi ale nan dosye pou tout elèv ki elijib kote yo fè pwosesis sètifikasyon an nan nivo lekòl la. ISC yo dwe ede nan ranfòsman regleman sa yo pou asire done final yo itilize pou sèvis manje ak lòt pwogram finanse dokiman obligatwa yo sipòte yo kenbe nan dosye lekòl la.

XXIII. VERIFIKASYON

Verifikasyon se konfirmasyon elijiblite pou manje gratis ak pri redui atravè sous tankou prèv alekri, souch peman, ak kontra kolateral. Yo pral enplemanter yon pwosesis verifikasyon chak ane dapre règleman federal yo apre lekòlyo oswa atravè aplikasyon sou entènèt oswa pwosesis eskanè yo fin fè revizyon apwobasyon [School Meals Application](#). Yo pral avize direktè yo sou rezulta pwosesis verifikasyon an. Yo dwe fè chanjman nan elijiblite ki lakòz yon ogmantasyon nivo benefis yo pi vit posib, men pa pita pase twa jou fonksyònman apre dat desizyon final la pran sou estati elijiblite yon timoun. Yo dwe fè chanjman nan elijiblite ki lakòz nivo benefis nan dis jou fonksyònman apre dat desizyon final la pran sou estati elijiblite yon timoun.

XXIV. Demand Ransèyman

Kesyon ki gen rapò avèk rezolisyon sa a ki soti nan pwosesis verifikasyon an ta dwe adrese nan:

Office of SchoolFood

N.Y.C. Department of Education
44-36 Vernon Boulevard
Long Island City, NY 11101

Telefòn:

718-707-4371

Faks:

718-433-0186

Kesyon ki gen rapò avèk elijiblite yo detèmine nan pwosesis la sou entènèt ak eskanè oswa nan nenpòt domèn nan règleman sa a ta dwe adrese a:

Office of SchoolFood

Compliance and Monitoring Unit
N.Y.C. Department of Education
44-36 Vernon Boulevard
Long Island City, NY 11101

Telefòn:

718-707-4471

Faks:

718-349-5463